



Pwen Enpòtan sou Akò Pataj Done CMS-ICE la

Pou ede ekip asistan enskripsyon yo adrese kesyon ak enkyetid kominote ki afekte pa [akò CMS-ICE la](#), Health Care For All (HCFA) te konpile enfòmasyon ak konsèy sa yo. Si ou gen nenpòt kesyon, ou ka kontakte liy asistans gratis HCFA la nan 1-800-272-4232 oswa yon òganizasyon kominotè ou fè konfyans. Pou asistans ki gen rapò ak imigrasyon, vizite [Lis Referans Asistans Imigran an](#). Si ou gen sijesyon oswa ou ta renmen pataje fidbak nan kominote ou a, tanpri gade [Fòm nou an](#).

Sa Nou Konprann Sou Akò Pataj Done CMS-ICE a

- Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) ak Depatman Sekirite Entèn (DHS) te siyen yon akò ki pèmèt ICE jwenn aksè a done pèsònèl moun ki enskri nan Medicaid.
- Sa vle di ke ofisyèl ICE yo pral kapab jwenn aksè a enfòmasyon pèsònèl manm MassHealth yo.
- Done pèsònèl sa yo gen ladan: non, adrès, nimewo idantifikasyon MassHealth, nimewo Sekirite Sosyal, dat nesans, sèks, nimewo telefòn, kote, etnisite, ak ras.
- Akò a deklare: “ICE pral itilize done CMS yo pou resevwa enfòmasyon idantite ak adres sou imigran ke ICE idantifye.”
- Plizyè eta, tankou Massachusetts, te depoze yon pwosè pou konteste akò sa a.
- Lalwa federal egziye MassHealth pou pataje enfòmasyon manm yo, tankou enfòmasyon istorik, ak gouvènman federal la.
- Si yon moun chwazi kite MassHealth, ICE ap toujou gen aksè a enfòmasyon anvan yo.

Travay avèk Aplikan ak Manm masshealth yo

1. Konsiderasyon Enpòtan yo

- Li enpòtan pou montre konpasyon epi pou ou onèt e klè.
- Onèt sou risk yo, sèvi ak yon ton klè, objektif, e net.
- Rasire lòt moun nan ke emosyon yo pandan moman difisil sa yo nòmal.



- Nou pa janm di moun sa pou yo fè. Okontrè, nou poze kesyon pou ede yo evalye sitiyasyon yo. Nou sipòte yo pou yo pran yon desizyon enfòmè ki ap desizyon pa yo.
- Desizyon pou aplike pou MassHealth la se yon desizyon pèsònèl epi li depann de bezwen sante chak moun ak nivo konfò li.
- Gen kèk moun ki ka chwazi pou yo pa enskri nan MassHealth epi peye pou swen sante yo nan pòch yo.
- Gen lòt moun ki ka konsidere achte asirans sante dirèkteman nan men konpayi asirans prive yo.
- Gen lòt ki deside enskri nan MassHealth si yo bezwen aksè konsistan a swen sante. Nou rekòmande pou pale ak yon asistan enskripsyon oswa yon ekspè nan imigrasyon pou konprann tout opsyon yo epi pran pi bon desizyon an pou sitiyasyon ou.
- Lopital ak doktè yo pa oblije pataje enfòmasyon pèsònèl ki idantifye moun ak otorite imigrasyon yo sof si lalwa egzije sa.

2. Pou Aplikan MassHealth yo

- Anvan ou aplike pou MassHealth, mwen vle enfòmè w sou kèk nouvèl resan. Nou te aprann ke ICE kounye a gen aksè a enfòmasyon manm MassHealth yo, tankou non ak adrès. Nou fè w konnen pou w ka deside si w vle kontinye aplike pou MassHealth ou pa.
- Èske w ta renmen jwenn èd pou deside sa ki pi bon pou ou?
- Èske w ta renmen konnen lòt opsyon si w deside pa aplike pou MassHealth?

3. Pou Manm MassHealth Aktyèl yo

- Anvan ou mete enfòmasyon w yo ajou, mwen vle enfòmè w sou kèk nouvèl resan. Nou te aprann ke ICE kounye a gen aksè a enfòmasyon manm MassHealth yo, tankou non ak adrès. Èske w gen kesyon oswa enkyetid sou sa?



4. Kesyon pou ede manm yo decide si yo dwe aplike pou MassHealth

- Èske ou gen nenpòt bezwen ijan kounye a?
- Èske ou gen nenpòt maladi kwonik?
- Èske ou pran medikaman oswa itilize ekipman medikal regilyèman oswa chak jou?
- Èske ou vle konnen sou lòt opsyon si ou decide pa aplike pou MassHealth kounye a?
- Èske ou ta pito tann pou wè kijan sitiyasyon an ap evolye, oswa èske ou santi li enpòtan pou aplike jodi a?
- Ki lòt enfòmasyon ki ta ede ou pran yon desizyon?

5. Kesyon moun poze souvan ak Repons Sijere

Si m anile plan MassHealth mwen an pou pwoteje tèt mwen oswa fanmi mwen, èske yo ka efase enfòmasyon mwen yo nan sistèm nan?

Anile oswa fèmen kont MassHealth ou a pa pral efase done ansyen ou yo. Ajans federal yo ap toujou gen aksè a enfòmasyon istorik ou yo.

Ki enfòmasyon y ap pataje ak ICE?

Done yo rapòte gen ladan yo: non konplè, adrès, nimewo Medicaid, nimewo Sekirite Sosyal, dat nesans, sèks, nimewo telefòn, etnisite, ras, ak kote jewografik.